

VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHIPIRI ²



...akauya kutanga, zvino akanzvera Magwaro, kuitira kuti azvienzanise uye azoone kana chaive Chokwadi kana kuti kwete. Akaitora, Chokwadi, neTestamende Yekare. Zvino, Pauro aive mudzidzi weTestamende Yekare. Vangani vanozviziva izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Akadzidziswa pasi pemumwe wevadzidzi vepamusoro-soro vezuva rake, Gamarieri, mudzidzi nyanzvi. Zvino Pauro aiziva Testamende Yekare. Uye ndinofunga kuzunguzwa kwake kwekutanga, sezvandataura mangwanani ano, paakapupurira rufu rwaStefano. Chimwe chinhu chinofanira kunge chakabata Pauro, nekuti mune zvinyorwa zvake zvese akaramba achिताura nezvazvo, “Handina kukodzera, nekuti ndakatambudza Chechi kusvika parufu. Ndini mudikisa pakati pavo.”

⁹⁵ Oo, asi Mwari vaiva neimwe pfungwa yakasiyana yazvo. Aive mumwe wevarume mhare vezuva iroro.

Onai Mutsvene Pauro, muapostora mukuru
Nenguwo yake yakajeka uye yakanaka,
(mudetembi akadaro)
Oo, pachave zvechokwadi nekudanidzira
Patichasangana tese Ikoko.

Zuva guru iroro pandinomuona achigamuchira korona yekufira kutenda, mubairo weuyo akafira kutenda!

⁹⁶ Ndakamira paiva nechinyoreso chidiki chakare, pano kasiri kare, paakanyora Tsamba idzi. Zvino ndokubva vagura musoro wake. Ndokuukandira mukati musuweji, kuti ayeredzwe musuweji. Zvino muJudha mudiki uyu ipapo, akati, “Ndine mumuviri wangu mavanga aJesu Kristu. Ndararwa nezvikara paEfeso, asi ndakarwa kurwa kwakanaka. Ndapedza rwendo. Ndakachengeta Kutenda. Uye kubva zvino, ndakachengeterwa korona yekururama, iyo Ishe, Mutongi akarurama, achandipa neZuva iroro. Uye kwete ini ndoga, asi vese vanoda kuonekwa kwaKe.” Ndinozvida sei izvozvo! Oo, ini ndinoda kuverengerwa neivavo! Taimboimba rwiyo:

Oo, ungaverengerwawo here semumwe
wedanga raKe?
Ungaverengerwawo here semumwe wedanga
raKe?
Iva usina gwapa mukati, iva wakatarisa uye
wakamirira muono iwoyo wekuona;
Ari kuuya zvakare.

97 Ndinoda kuva mumwe wavo. Zvino munyori anoenderera mberi, achiti:

Saka tinofanira kupa...kuteerera zvikuru kune zvinhu zvatakanzwa, kuti panguva ipi zvayo tisazvirega zvichitsvedza.

98 Sezvatadzidzisa pane izvozvo, mangwanani ano, ndima 2 inobata, “Kana...”

Nekuti kana shoko rakanga rataurwa nevatumwa...

99 Ko chii chatinoona vatumwa kuve? Vaporofita. “Mwari vakataura munguva dzakare...” Zvino, unofanirwa kugadzira, kwete pfungwa yedu pachedu, asi Bhaibheri. Zvino chitsauko 1, che...chitsauko 1, ndima 1.

Mwari, munguva dzakare...nemigove mizhinji vakataura...kune madzibaba kubudikidza navaporofita,

100 Zvino anoenda neche apa, uye otaura zvakare.

Nekuti kana shoko rakanga rataurwa nevatumwa rakange rakasimba,...

Uye mutumwa zvinorevei? “Nhume.” Kana nhume yakazodzwa naMwari...Uye ipapo kana takazodzwa, tiri nhume dzaMwari. Isu tiri nhume kunyika, mumiririri weDenga, tichipupura kuti tiri vafambi nevatorwa. Hatisi venyika ino. Asi isu tinotsvaga Guta rinouya, iro Muvaki neMugadziri waro ndiMwari. Hatiunganidzi hupfumi pano panyika, apo mbavha dzinopaza, uye zvipfunho, ngura, zvinoparadza. Nekuti, pfuma yedu iri Kudenga, uko Jesu agere kuruoko rwerudyi rweHumambo. Oo, chinhu chakabwinyiswa zvakadini uye chinoshamisa, kuziva izvozvo:

Tariro dzedu hadzina kuvakirwa pane chimwe chakaderera

Pane ropa raJesu pamwe nekukurama;

Kana zvose zvapakoteredza mweya wangu zvakundika,

Ipapo ndiYe tariro yangu yese nehugaro.

Pana Kristu, Dombo rakasimba, ndinomira;

Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza,

Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.

101 Paya Eddie Perronet akanyora rwiyo irworwo, munguva dzekutambudzwa!

Zvino, kana shoko rakanga rataurwa nevatumwa rakange rakasimba,...(Mutumwa waMwari paakataura Shoko, Rakamira)...uye mubairo wese wakapiwa mubairo wakarurama;

Ko isu tichapukunyuka sei zvino, kana isu tikasanzwa Kristu, Anotaura kubva Kudenga?

Zvino tarirai.

Ko isu tichapukunyuka sei, kana tisine hanyn'a nokuponeswa kukuru kwakadai; . . . (Pafungei). . . uku pakutanga kwakatanga kutaurwa naShe, . . .

102 Kristu akatanga basa raKe. Chii chaAkaita? TinoMutarisa, kuti Iye . . . akazvinipisa, akaderera, kuti Akange asiri murume mukuru anozivikanwa semudzidzi wechitendero. Asi Aive akazvinipisa, munyoro, akapfava. Akange asiri muparidzi ane simba. Izwi raKe rakanga risinganzwike mumugwagwa.

Asi Johane akaenda seshumba inodzvova. Aive muparidzi.

103 Jesu akauya, kwete seshumba inodzvova, asi Mwari vachishanda naYe, vachisimbisa Shoko. Mwari vaive naKristu. Petro akati, paZuva rePentekosti, “Imi varume veIsraeri, nemi mugere muJudea . . . Jesu weNazareta, Murume wakaraidzwa naMwari pakati penyu, nezviratidzo nezvishamiso neminana, izvo zvakaikwa naMwari kubudikidza naYe, pakati penyu mese, izvo imi mose makazvipupurira.” Tarisai kuti akazvikomerera sei pavari. “Maifanira kunge makaMuziva.”

104 Jesu akati, “Imi vanyengeri.” Akati, “Munobuda kunze uye motarisa kuzuva, uye imi . . . Rakatsvuka uye kwakakwidibira, munoti, ‘Kuchava nemamiro ekunze akaipa.’ Uye kana rakajeka uye richipenya, kana zvimwe zvakadaro, munoti, ‘Kuchava nemamiro ekunze akanaka.’” Akati, “Munogona kunzvera denga, asi zviratidzo zvenguva, hamugone kunzvera. Nokuti dai maiNdiziva, mungadai makaziva zuva raNgu.”

105 Oo, zvaAizodaizira nhasi manheru. Zvokuti Mweya waKe unodanidzira sei kuburikidza nevaparidzi vaKe, “Nguva yava pedyo!”

Tinonzvera. Tinoona mabhambu eatomiki. Tinoziva kuti ndiani achatora nzvimbo yaClark Gable, uye kuti ndiani achazoita *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*; kana kuti ndiani achava mutevedzeri wemutungamiri wenyika. Tinofarira izvozvo, asi hatigone kunzvera zviratidzo zvenguva. Tave kumagumo.

106 Chii ichocho? Tinobatikana kwazvo mune, “Ndechipi chitsauko chinotevera cheterevhizheni? Ko Susie achaita?” kana zviri zita remukadzi iyeye. “Uye Arthur Godfrey ari kuenda kupi? Ndeipi nyambo yaari kuzoita nguva inotevera?” Isu, seMukristu, tinoposhera pfungwa dzedu dzozara nematakanana akadaro, apo tiri kufanira kunge tiri mumunamato kune imwe nzvimbo, uye nekuverenga Bhaibheri, kuti tizive zviratidzo zvenguva yatiri kurarama mairi.

107 Chinoita izvozvo, nguva dzakawanda, mapurupiti ane hutera, ndizvozvo chaizvo, asingadzike zasi uye ounza Zvokwadi yeVhangeri. Tichafanira kuzvipindurira izvozvo mumazuva anouya. Hatifanire kushaya hanyn'a nechero chinhu. Uye vanhu, sezvatiri pano paBranham Tabhanakeri, kuona zviratidzo

nezvishamiso, uye nesimba raKristu akamuka; uyezve nekuziva kuti taizoisa nguva dzedu—dzedu pane zvimwe zvinhu, uye toshaya hanyin’a yekunzwa Izwi raIshe Jesu, “Tingapukunyuka sei, kana tichishaya hanyin’a neruponeso rukuru rwakadai?”

¹⁰⁸ Ndima 3, kana ndima 4. Apa ndipo pataperera, pandima 4, mangwanani ano.

Naiye Mwariwo vachipupurirana navo, . . . (Oo, ini zvangu!)

Mwari . . . vachipupurirana navo, . . .

Teererai kuShoko.

. . . zvose nezviratidzo . . . zvinoshamisa, neminana mizhinji, . . .

Chii minana *mizhinji*? Chii chinonzi *zhinji*? *Zhinji* zvinoreva “zvakananda.” “Neminana *yakananda*, Mwari vakapupurira.” Oo Mwari! Ndinovimba kuti Zvichasinina mumoyo yenyu. Teererai.

¹⁰⁹ Ndiri mumwe wevafundisi venyu, pamwe naHama Neville pano. Ndinoda kuti Zvive zvinozivikanwa. Bhaibheri rakati, “Kana kukasimuka mumwe pakati penyu, uye otaura *zvakanakati*, zvino zvorega kuitika, musazvinzwa, nekuti haNdina kultura. Asi kana akatura muZita raNgu, uye zvaanotaura zvikanakati, zvino Zvinzwei.” Amen. “Nekuti ndine muporofita iyeye, kana muparidzi, chero zvaangave. Kana zvaanotaura zvikanakati, zvadarwo munzwei.”

¹¹⁰ Zvino, shamwari, ngatiUnzwei, Mweya Mutsvene uchitaura pakati pedu, uchiratidza minana yakasiyana-siyana, nezviratidzo, nezvishamiso. Ngatisangopfuurai nepamusoro paZvo sezviitiko zvakanogajirika. Ngatirangarirei kuti NdiJesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi; achisimbisa Shoko raKe. Tinofanira kuzviita. Oo, ndapota zviitei. Teererai. Regai zvimwe zvese zvinhu zvive zvepiri, kunyangwe musha wako, murume wako, mukadzi wako, vana vako. Chero zvachingava, chiise pechipiri. Isa Mwari pekutanga. Unoti, “Hama Branham, pamusoro pevana vangu?” Pamusoro pechero chinhu chose zvacho. Isa Mwari pekutanga. NgaVave vokusungwa.

¹¹¹ Eria akauya achibva mugomo, rimwe zuva. Aive mutumwa, nhume, nhume yaMwari, yakazodzwa. Zvino akawana mukadzi chirikadzi ichinhonga tsotso mbiri. Akati, “Enda, undibikire keke, undiunzirewo mvura shoma.”

¹¹² Zvino akati, “Nomweya wenyu unorarama, ndinongova nemakeke anokwanirana, kana kuti furawa yegorosi yakakanywa inokwanirana, kugadzira kapanikeke kadiki. Uye ndinongova nemafuta anokwana kuti ndipinde, kuti ndizvisanganise, kuitira kukanya nemafuta. Uye ndiri kunhonga zvimviri.” Nzira yechinyakare yaive, inzira yemaIndia, yekupesana zvimviri uye nokuzvipisa kubva pakati, uye

woramba uchizvisundidzira mukati. Ndakagadzira moto yakawanda yepamusasa zvakadaro. Akati, “Uye ndiri kunobika kakeke kadiki ikako kuitira ini nemwanakomana wangu, mucheche wangu. Zvino tichakadya uye tofa.” Pakange paine kusanaya kwemvura kwemakore matatu nemwedzi mitanhatu, pasina mvura chero kupi zvako.

¹¹³ Muporofita uya asingasekerere, wakare, akatarisa mukadzi iyeye kumeso. Akati, “Enda, undibikire keke kutanga.” Kuraira kwakadini, kwekuti murume audze mudzimai chirikadzi, ari kufa nenzara, kuti amupe chikafu kutanga. Akati kudii? “Nekuti ZVANZI NAJEHOVHA, chirongo hachizombogari chisina chinhu, kana chinu chemafuta kupma, kusvikira Mwari vatumira mvura panyika.”

Kutanga, Mwari. Akapinda ndokubika keke diki iroro, ndokuuya achiripa kumuporofita. Akadzokerazve ikoko ndokunobika rimwe, uye nerimwezve, nerimwe, nerimwe. Zvino chirongo hachina kuzombogara chisina chinhu, kana chinu kupwa, kusvikira Mwari vatumira mvura panyika. Akaisa Mwari pamberi pevana vake. Akaisa Mwari pamberi pechimwe chinhu chese. Akatora Humambo hwaMwari, kutanga.

¹¹⁴ Mwari vanofanira kuva nenzvimbo yekutanga mumoyo mako, nzvimbo yekutanga muhupenyu hwako, nzvimbo yekutanga mune zvese zvaunoita kana zvauri. Mwari vanofanira kuva vekutanga. Havadi nzvimbo yechipiri. Havakodzeri nzvimbo yechipiri. Vanokodzera zvakanakisisa, uye zvekutanga, uye nezvose zvatiinazvo. Vanozvikodzera. Ngarirropafadzwe Zita raVo dzvene!

Naiye Mwariwo achipa. . .huchapupu, akapupurira, nezviratidzo nezvinoshamisa, . . .minana mizhinji, nezvipo zveMweya Mutsvene, maererano nekuda kwake pachake?

¹¹⁵ Kwete zvinotaurwa nevanhu, zvakataurwa nechechi, asi zvaive zviri kuda kwaMwari. Oo, tinoda kutsvaga kuda kwaMwari, kwete kufarirwa nemuvakidzani wako, kwete kufarirwa nevana vako, kwete kufarirwa nemurume wako kana mukadzi wako. Asi, tsvaga kuda kwaMwari, zvino woita ikoko kutanga. Zvino zvimwe zvese, kuda kwemudzimai uye nekuda kwevana, kunoteverana nemakuri imomo chaimo. Asi, isa Mwari pekutanga.

¹¹⁶ Tarisai, zvino.

Nekuti haana kuiisa pasi pavatumwa nyika inozouya, yatinoreva nezvayo.

¹¹⁷ Neimwe nzira, Ngirozi huru dzinoshumira Kudenga, Gabrieri, Mikaeri, Chinovava, uye nemakumi ezviuru zvakapetwa makumi ezviuru zveNgirozi dzeKudenga; kana makumi emazana evaporofita vakanga vari panyika, mumwe nemumwe wavo; Havana kumbobvira vakaisa chero mumwe

wavo kuti ave nekutonga pamusoro penyika ichauya, yatinotaura nezvayo. Hapana kana mumwe! Havana kumboti, “Isaya, uchatonga nyika.” Havana kumboisa nyika pasi pehutongi hwaEria. Uyewo haVana kuiisa kuna Gabrieri, kana kune chero ngirozi, chero mweya unoshumira.

118 Tarisai zvaakataura, Pauro, achiri kusimudzira Kristu, watinotaura nezvake.

Asi mumwe pane imwe nzvimbo wakupupura kwazvo, achiti, Ko munhu chinyiko, zvamunomufunga? kana mwanakomana wemunhu, zvokuti imi maizomushanyira?

Makamuita akaderera zvishoma kuvatumwa; makamushongedza nekorona yekubwinya nekukudzwa, uye mukamuisa pamusoro pemabasa eruoko rwenyu:

119 Zvino, kana uchida kuverenga izvozvo, ndiMapisarema 8:4-6, Dhavhidhi achitaura. Zvino akadana Dhavhidhi chii pano? Zvinozvigadzirisa, ipapo chaipo, kuti ndanga ndichireva chaizvo here mangwanani ano, pamuporofita.

120 Akati, “Nekuti imwe yengirozi yakati pane imwe nzvimbo.” Dhavhidhi, nhume yaMwari, aive mutumwa waMwari, nekuti aive nhume yaMwari. Ngirozi yakati, Dhavhidhi akati, muMapisarema, “MakaMuita akaderera zvishoma pane Ngirozi dzeKudenga.” Ngirozi yakataura kuti Mwari vakaMuita akaderera zvishoma pane Ngirozi, kuti VagoMuisa korona; uye kuti Atambudzike nekuravira rufu, kuti azosimudzirwa zvakare. Kuti VagoMuita...agare nhaka yezvinhu zvese zvepanyika. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

121 Zvino, muna—muna Mateo 28:18, tinoverenga izvi. Mushure mekunge Arovererwa uye akamuka zvakare nezva retatu, Akasangana nevadzidzi vaKe akavaraira kuti vaende munyika yose, kuti vaparidze Vhangeri kuchisikwa chose. Akati, “Masimba ese Kudenga nepanyika akapihwa mumaoko aNgu. Simba rese riri Kudenga, simba rese riri panyika, rakapihwa kwaNdiri.” Chaiva chii? Munhu naMwari vaive vabatana. Rogosi yakanga yaitwa nyama uye yakanga yauraiwa, uye ndokumuka zvakare kuti tiruramiswe, uye yakabva yazova Emanueri akazodzwa nariinhi-nariinhi. Mwari vakashandura nzvimbo yaVo yehugaro, kubva paChigaro chehushe chiri munzvimbo dzeuko muchadenga, kumoyo weMwanakomana waVo, Kristu Jesu, kuti vagare nekutonga nekusingaperi. “Mwari vakanga vari muna Kristu.” Ndiye nzvimbo yekupedzisira yekuzorora yeMweya.

122 Mweya waigara mutabhanakeri, rimwe zuva, munozviziva izvozvo, pasi petende. “Zvino Soromoni akaVavakira imba. Asi, zvisinei, Wekumusoro-soro haagari mudzimba dzakavakwa nemaoko.” “Asi MakaNdigadzirira mutumbi.”

123 Umo muBhuku raMabasa, chitsauko 7, paaitaura, akati, “Vose vakafanoZviona. VakaVavakira tende, Mosesi akadaro, aive netende, ndokuisa areka imomo, nekuti Mwari vaive paChigaro cheTsitsi. Vakanga vasingagare ipapo.” Zvakanaka.

124 Zvino, “MakaNdigadzirira mutumbi,” mutumbi waIshe Jesu Kristu, wakaitwa akaderera zvishoma pane Ngirozi kuti aravire rufu; uye hapana mumwe kunze kweWekumusoro-soro, Kristu; Muchinda weRugare, Mambo wemadzimambo, Ishe washe, Musiki wenyeredzi yoga-yoga iri muchadenga.

125 O Mwari! Vakaderera zvishoma pane zvisikwa zvaVo, kuti Vadzikinure munhu (munhu asina musha wekugara, asingakwanisi kuzvibatsira), zvino ndokuvapa musha Kudenga. Vakasiya kubwinya kweDenga. Vakasiya Zita repamusoro-soro rinogona kudaidzwa. Zvino paVaive panyika, munhu akaVapa zita rakaderera raagona kuVapa, vakati, “Akanga ari mwana weupombwe, pakutanga kwacho.” Akazvarirwa muchidiro, akaputirwa mumadhende akabviswa kuseri kwejoki remombe. Asina nzvimbo yekwekuenda, asina imba yekuenda kwairi. Uye akadanwa kuti, “Bherizebhabhu,” mukuru wemadhimoni. Akabatwa zvisina kunaka. Akasvipirwa. Akaitwa chiseko. Akarambwa, ndokuenda kumakomba epazasi-zasi, ndokuderera kune “Zvipfeve zvakaipisisa.” Ndizvo zvakaitwa nemunhu kwaAri.

126 Asi Mwari vakaMusimudzira kumusoro-soro zvekuti Anotofanira kutarisa pasi kuti aone Denga. Munhu akaMupa chigaro chepasi-pasi, akaMupa nzvimbo yakashatisisa, zita rakaderera. Mwari vakaMusimudzira vakaMupa Chigaro chepamusoro-soro, uye neZita repamusoro-soro. Ndiwo mutsauko wezvakaaitwa nemunhu kuMwanakomana waMwari, nezvakaaitwa naMwari kuMwanakomana waMwari.

127 Akaderera, kuti isu tisimudzwirwe. Akave isu, kuti isu kubudikidza nyenasha dzaKe tigove Iye. Akauya kune vasina musha wekugara, ndokuve asina pekugara pachaKe, kuti tigowana musha. Akauya kune vairwara uye akarwariswa pachaKe, kuti tigopodzwa. Akauya kumutadzi, “ndokuitwa chivi, pachaKe,” kuti tigoponeswa.

128 Ndosaka Akasimudzirwa. Ndosaka Ari Uyo waAri manheru ano. Mwari vakaMusimudzira, uye masimba ese Kumatenga nepanyika akapiwa kwaAri.

129 Basa raKe repanyika parakapera, pano panyika... Akauya panyika, paAkangodaro, nyamatsatsi yamangwanani yakaMuzivisa kuva Mwanakomana waMwari. Akazunguza dhimoni rose raAkasangana naro. Ngarirropafadzwe Zita raIshe! Madhimoni akadedera uye akabvunda, uye akakumbira kunzwirwa tsitsi, muHupo hwaKe. Hongu, changamire. Gehena rose raiziva kuti Aive Ani.

130 Akafamba akazvinipisa, Akange asina nzvimbo yekuisa musoro waKe, pahusiku hwainaya mvura. Mhuka chaidzo dzaAkasika, “Shiri dzedenga dzine matendere, uye makava ane mwena, asi Mwanakomana wemunhu haana nzvimbo yekuisa musoro waKe wakaropadzwa.” Chokwadi, Aive.

131 Akave chivi, akave akaderera uye akarambwa. Asi madhimoni aiziva kuti Aive Ani. Akakumbira kunzwirwa tsitsi. Akati, “Sei Muchiuya kuzotitambudza nguva yedu isati yasvika.” Zvino apo vaparidzi vakanga vachiMudaidza kuti, “Bherizebhabhu,” muuki; madhimoni aiMudaidza kuti, “Mwanakomana waMwari mupenyu,” uye achikumbira kunzwirwa tsitsi.

132 Oo, tingagona hedu kumbomira kweminiti chete! Umbori ani, zvisinei? Basa iroro rauinaro rinorevei? Kana kuti imba iyoyo diki yatinayo inorevei? Ko mota yatinayo inorevei?

133 Musikana mudiki ane runako, iwe kanhu kaduku kanozvinzwa, ko kamataridzikiro ikako kauinako zvino? Imi varume vechidiki vane bvudzi rinopenya, richitsvedzerera, mapfudzi akatwasuka; uchakombama rimwe zuva, kana wakombamiswa nezera.

134 Asi, Ishe ngavaropafazwe! Iwe une mweya wakabarwa patsva. Uchararama nekusingaperi-peri, nekuti Akava iwe, kuti iwe kuburikidza nenyasha dzaKe ugokwanisa kuva Iye, uye okugadzirira nzvimbo.

135 Oo, isu vanofunga kuti tine hembe dzekuchinja, nemagirosari mashoma mumba, timbori chiiko? Mwari vanogona kuzvitora musekondi. Mweya wako chaiwo wokufema wakabatwa muruoko rwaVo. Uye Ivo vari pakati pedu kupodza vanorwara, kultura nekupupura, nekufanotaura, uye nguva dzese zvakakwana. Kunyange kuva nehany'n'a zvizere kuti vadzose hove diki, yakafa kuhupenyu hwayo zvakare, pakati pedu. Jehovha vari pakati pedu, Jehovha vari matiri, NDIRI mukuru uye ane masimba.

136 PaAkafa, vakafunga kuti vaive vaMuwana. Akakwira mugehena. PaAkabva panyika musi uya paAkarovererwa, Akaenda kunzvimbo dzevakarasika. Bhaibheri rakati, “Akaenda akanoparidzira mweya yaive mutirongo, isina kutendeuka mukutsungirira, mumazuva aNoa.” PaAkafa, uye Mweya waKe ukabuda maAri, Akava Rogosi zvakare. Iye, ndinoona, akati, “Ndakabva kuna Mwari. Ndinodzokera kuna Mwari.”

137 Zvino Mwari vaiva Shongwe yeMoto iya yakatungamira vana murenje. Uye paAive pano panyika. . . Uye paAkafa, Akadzokera kuve Chiedza zvakare. Pauro akaMuona, uye Aive Chiedza. Hapana kana mumwe vavo vese akaMuona. Vakaona Pauro achidonha. Chimwe chinhu chakamurova, uye Chaive Chiedza. Pauro akati, “Ndimi Aniko wandinotambudza?”

138 Akati, “Sauro, Sauro, ko unoNditambudzireiko?”

Akati, “Ko Ndiani?”

139 Akati, “Ndini Jesu, waunotambudza, uye zvakakuomera kuti ukave zvinobaya.”

140 Ndokubva aenda akanonzvera Chiedza ichocho. Pauro akadzokera muBhaibheri, kuti aone kuti Chiedza ichocho chaive chii. Zvino akanyora Tsamba iyi. Ndiye Jehovha mumwe chete. Chiedza chimwe chete ichocho chaive murenje nevana veIsraeri. Uye apo Petro paaive mutirongo, Aive Chiedza chakapinda ndokuvhura masuwo.

141 Uye nenyasha dzaKe, kuitira kuti pasave neanzova nepembedzo... Oo, dai vakakanganwa nhume dzisingagoni kuverenga, uye vorangarira: haisi nhume, iShoko. Adzika pasi zvakare, pamwe nesu, ari muchimiro cheShongwe yeChiedza. Uye Anofamba nezvishamiso nezviratidzo zvaKe zvimwe chete, hapana chisiri chemuBhaibheri; achigara chaizvo neBhaibheri, achizviisa pasi, achiburitsa kubwinya kwaKe, achiratidza simba raKe. Ngaripafadzwe Zita raKe Dzvene!

142 Ndinoziva munofanira kufunga kuti ndinopenga; asi, oo, Zororo reKusingaperi rakaropafadzwa iroro riri mumweya mangu. Kunyange madutu akazunguza, hoko yangu inobata mukati mehidzitiro.

143 Uye kuMuona paAkafa, kusvikira, mwedzi wakahuta-huta zvikuru. Zuva rakanyura pakati pemasikati. Zvino paAkaenda kunzvimbo dzevakarasika, [Hama Branham vanogogodza kana papurupiti—Mupepeti] akagogodza pamusuwo, zvino musuwo ukavhurika. Bhaibheri rakati, “Akaparidzira kumweya yaive mutirongo, isina kutendeuka mukutsungirira mumazuva aNoa,” mushure mekunge Afa pano panyika. Hama yangu, hanzvadzi yangu, paAkafa, basa raKe repanyika raive rapera, asi Akanga achiri kushanda. Uye Achiri pabasa manheru ano. Amen.

144 Akagogodza pamikova yevakarasika. Bhaibheri rakati Akadar. Uye Akapupura, “Ndini Mbeu yemudzimai. Ndini Uyo akataurwa nezvake naAdhamu. Ndini Wacho akanzi naEnoki aizouya negumi rezviuru zvevatsvene vaKe. Ndini Mwanakomana waMwari mupenyu, uye makatadzira zuva renyu renyasha. Asi zvakaporofitwa kwamuri, nevatumwa, Enoki, Noa, kuti ndinofanira kuuya kuzozadzisa Shoko rega-rega remuBhaibheri raMwari. Ndiri pano sechapupu mune ino ‘nyika yevakarasika.’” Zvino Akavaparidzira.

Akaramba Achienda achidzika mugehena, kusvika zasi chaiko kumikova yegehena, ndokugogodza pamusuwo. Dhiyabhore akavhura musuwo, akati, “Ndakuwana zvino.”

145 Akabvuta makii iwayo kubva parutivi rwake, akati, “Iwe dhiyabhore, wakanyengera kwenguva yakareba.” Hezvinoini izvi, imo muno muBhaibheri. Ndinovika pazviri muchinguvana.

“Iwe wakanyengera kwenguva yakareba, asi Ini ndauya kuzotora chisimba.” Akabvuta makii iwayo ndokumukava achidzokera mukati, ndokuvhara musuwo.

Akapfuura ndokunotora Abrahama, Isaka, naJakobho. Pazuva rechitatu Akamuka, uye avo vainge vakarara muguva vakamuka pamwe chete naYe. O, hareruya! Ndosaka mudetemi akati:

Kurarama, Akandida; kufa, Akandiponesa;
Kuvigwa, Akatakura zvivi zvangu kure-kure;
Kumuka, Akaruramisa pachena
nekusingaperi,
Rimwe zuva Ari kuuya, oo, Zuva
rakabwinyiswa.

146 Ngachiropafadzwe chisungiso chinosunga moyo yedu nekuyanana kweChikristu, rudo rwaMwari. PaAkamuka, Akanga asati apedza, ipapo. Aive nerimwe basa rekuita.

147 Bhaibheri rakati, “Akakwira Kumusoro ndokupa zvipo kuvanhu.” Paive nehupo wakaremba pamusoro penyika, hwerima, hwekusuwa, hwerufu, uye nekurukutika. Minamoto yaisakwanisa kuuya kumusoro, nekuti Yananiso yakanga isina kuitwa. Asi, Akapamura nemuchidzitiro ichocho. Akavhura nzira. Akapamura chidzitiro chehurwere. Akapamura chidzitiro chechivi. Akapamura chidzitiro chekurukutika. Akapamura chidzitiro chekuderera pamweya. Akapamura chidzitiro chese, ndokugadzira mugwagwa mukuru wemufambi, aifamba nemugwagwa mukuru waMambo. Oo, ini zvangu, paAkapfuura mwedzi nenyeredzi, achingoramba achingoenda!

148 Vaitevera, kumashure kwaKe, kwakauya vatsvene veTestamende Yekare, Abrahama, Isaka, naJakobho. Vakaramba vachikwira kumusoro chaiko kunosvika kumatenga eDenga. Pavaive vari kure-kure neGuta, ndiri kuvaona vachisimudza meso avo. Abrahama akati, “Ndiri Guta randaishuvira kuona. Oo, huya pano, Isaka. Huya pano, Jakobho. Oo, taive vafambi nevatorwa vepanyika, asi hero Guta. Heunoi Uyo watakange takamirira.”

149 Zvino Bhaibheri rakati vakadanidzira, “Simukai, imi masuwo ekusingaperi, uye simudzwai mudenga, nekuti Mambo weKubwinya ari kupinda.”

150 Zvino Ngirozi kuseri kwemasuwo dzakadanidzira kune kungirozi idzi kumashure kuno, dzikati, “Ndianiko Mambo weKubwinya uyu?”

151 Zvino ngirozi kunze kuno, vaporofita, vakati, “Jehovha weHondo, ane Masimba muhondo.”

152 Zvino vakadzvanya mabhatani zvino suwo guru rikavhurika. Ndokuuya Achidzika nepakati pemigwagwa, Mukundi, akunda, nevatsvene vemuTestamende Yekare vachifamba vari

mumashure maKe. Akagara pasi paChigaro choushe, akati, “Baba, hevano! ava. NdeveNyu.”

153 Vakati, “Kwira kumusoro kuno ugare pasi, kusvikira Ndaita vavengi vaKo vese chitsiko chetsoka dzaKo.” Sezvataverenga, tinozviona pano muRugwaro. Zvakanaka.

154 Teerera! Zvino nekuti isu tave pandima ino yechi 8:

Zvino akaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake. Nekuti... akaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake, haana kusiya chinhu chimwe chisiri... pasi pake. Asi zvino hationi... kuti zvinhu zvose zvakaikwa pasi pake.

Ndirwo, rufu. Hationi rufu, nazvino, nekuti tichiri kufa. Tinoona rufu.

Asi, ndima 9, “Asi tinoona Jesu!” Amen. Teerera!

...tinoona Jesu, wakitwa akaderera zvishoma kuvatumwa nokuda kwekutambudzika kwerufu, akashongedzwa korona yekubwinya nokukudzwa; kuti iye nenyasha dzaMwari aravire rufu achitira munhu wose.

Sei akaitwa akaderera pane Ngirozi? Kuitira kuti aravire rufu. Aifanira kufa. Aifanira kuuya, kuzofa.

155 Tarisa pano, shamwari. Regedza, kumbofa wakakanganwa izvi. Jesu paaienda, achifamba achikwira chikomo, rufu rwakanga rwuchirira pamusoro waKe.

156 Ngatitorei mufananidzo wedu kuJerusarema, makore zviuru zviviri zvapfuura. Zvino ungaZviramba sei? Ndinonzwa ruzha rwuchiuya nemumugwagwa. Chii ichocho? Kudhumhira-dhumhira kwechimwe chinhu. Muchinjikwa wakare wakakwasharara uri kuuya uchidzika, uchibuda kunze nepamasuwo eDhamasiko, uchirovera pamatombo emunzira. Matombo makuru iwayo emunzira achiriko. Uchirovera pamusoro pematombo makuru emunzira aya, bhamputi-bhampu. Ndiri kuona kudeukira pasi kweRopa mumugwagwa. Chii ichocho? Murume asina mhosva yaaita; hapana kunze kwechakanaka. Vanhu vaive mapofu. Vakange vasingaMuzive. Havana kuMucherechedza.

Unoti, “Kupofomara? Vaigona here kuva vaine kuona kwavo?”

157 Unogona kuramba uine kuona kwako asi uri bofu. Munozvitenda here? Bhaibheri rakadaro. Munorangarira here Erisha zasi kuDhotani? Akabuda ndokurova vanhu nehupofu, akati, “Zvino nditeverei.” Vakanga vakapofomara kwaari.

158 Uye vanhu vakapofomara manheru ano. Imwe chechi isingatendi mukupodza kwaMwari, yakauya kwandiri imwe nguva, ndokuti, “Ndirove nehupofu. Ndirove nehupofu.” Kwaive kumba kwaHama Wright. Akati, “Ndirove nehupofu.” Akati,

“Pauro akarova mumwe murume nehupofu, imwe nguva.” Akati, “Ndirove nehupofu.”

159 Ndikati, “Shamwari, dhiyabhore akatozviita kare. Wagara uri bofu. Chokwadi, uri.”

160 Akati, “Podza musikana mudiki uyu uye ndinokutenda.”

161 Ndakati, “Ponesa mutadzi uyo zvino ndichakutenda.” Zvirokwazvo.

162 “Oo,” akati, “anofanira kutenda.”

163 Ndakati, “Zvimwe chetezvo pano, zvinofanira kuuya kuburikidza nenyasha dzaMwari dzinozvotongera.”

164 Dhiyabhore, mwa—mwari wenyika ino, akapofomadza maziso evanhu. “Vane maziso asi havaone,” Bhaibheri rakadaro.

165 Hepano paAive, achikwira nemugwagwa, achizvuya matsimba etsoka ane Ropa munzira achikwira. *Nyuchi* yerufu yairuma paAri, ichirira paAri, “Nechinguva chishoma zvino ndichaKuwana.” Akanga ave kupera simba, aine nyota yemvura.

166 Ndakambopfurwa imwe nguva, ndakarara kumusoro kuno mumunda, ropa richingochururuka kubva mandiri. Ndakaridza mhere ndichida mvura. Zvino shamwari yangu yakamhanya, akatora kepisi yake ndokuiisa zasi mumvura; yakare isingayereri, zvimbuyu zvemumvura zviru mumvura. Akadzoka, zvino ndakashama muromo wangu; akasvinira iyoyo. Nekuti, ropa rakanga richiyerera sechisipiti, apo pandakanga ndapfurwa kuita zvidimbu-zvidimbu nepfuti. Ndiine nyota!

167 Saka ndinoziva zvakanga zviru Ishe wangu, mushure mekubuda ropa mangwanani ese iwayo, kubva nanine o'clock kusvika three o'clock manheru, achirasikirwa neRopa rose iroro. Ndinoona nguvo yaKe, kutanga, kunge tumadzvanga tuduku-duku pairi. Zvino madzvanga iwayo ese akatanga kukura zvino ndokuchibatana pamwe chete, achiita ziruvira guru rimwe chete reRopa, richiMurova pagumbo apo paAifamba. Rakanga riri Ropa raEmanueri. Oo, nyika yakanga isina kuRikodzera.

168 Asi apo Achikwidza, *nyuchi* iyi ichiruma paAri. Chii chayakaita? Yakazopedzisira yaMuruma.

Asi, hama, chero munhu anoziva, kuti chipembenene kana nyuchi, kana ikangokuruma kamwe, zvatopedza basa rekuruma. Haichakwanisi kuruma zvakare. Nekuti, painobva, inodzura rumborera rwayo.

Ndicho chikonzero Mwari vakatozoiwa nyama. Vakatora rumborera rwerufu munyama yaVo, uye Vakadzura rumborera kubva murufu. Ngarirropafadzwe Zita raShe! Rufu rwunogona kuhon'a nekuruma, asi harwugone kukukuvadza.

169 Pauro, paakanzwa *nyuchi* iyoyo ichirira paari, rufu rwaiuya ipapo chaipo. Akati, “O rufu, rumborera rwako rwuripi?”

Aigona kunongedzera kuKarivhari kwarakasiwa munyama yaEmanueri. “Kukunda kwako kuripi? Asi tinotenda Mwari vanotipa kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu.” Hongu.

¹⁷⁰ Hationi zvinhu zvese.

Asi tinoona Jesu, wakaitwa akaderera zvishoma kuvatumwa nokuda...kwekutambudzika kwerufu,...

Nekuti zvakafanira iye, wakaitirwa zvinhu zvose—zvose, kuti kubudikidza naye tine zvinhu zvose, pakutanga...vanakomana vazhinji...uye akaitwa mutungamiriri mukuru wekuponeswa kwedu...kubudikidza nekutambudzika.

Nzira chete yaAigona kuva Mutungamiriri weruponeso rwedu, Aifanira kutambudzika.

¹⁷¹ Teerera! kune Mazwi aya akanaka pano zvino. Zvino teerera!

Nekuti uyo unochenesa naivo vakacheneswa vose vari...mumwe:...

Oo, hamusi kuona here Muzambiringa uye neDavi ipapo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Vose Mumwe.

...nemhaka iyi haane nyadzi kudaidzwa kuti hama, Maona? Sei? Teerera!, ndima inotevera.

Achiti, ndichataura zita renyu kune hama dzangu, ndichakuimbirai rumbidzo pakati pekereke.

Uyezve, ndichaisa ruvimbo rwangu maari. Uyezve, Tarira ini navana avo vamakandipa.

Naizvozvo vana zvavari vagoverani venyama neropa, naiyewo pachake zvimwe chetezvo akagoverana navo zvimwe chete izvozvo; kuti kubudikidza nokufa iye aparadze uyo une simba rorufu, anova, dhiyabhore;

Uye agosunungura avo kuburikidza...nekuda kwe...kuburikidza...nokuda kwerufu vaigara vakachengetwa pasi pehuranda.

¹⁷² Munhu akagara achitya rufu. Kristu akave chivi, akaitwa wakaderera, kuti atore rufu paAri. Uye haAnyari kudanwa kuti “Hama” yedu, nokuti Akaedzwa sekungoedzwawo kwatinoitwa. Uye Anogona kugadzira...kuva mhando chaiyo yemurevereri, nekuti Akamisidzana nemhando imwe chete yemuedzo iwoyo waunomisidzana nawo. Uye Akatora nzvimbo yako, achiziva kuti waisagona kuitora pachako.

¹⁷³ Saka, hauoni here, hama, hanzvadzi? Chinhu chacho chose inyasha. Zvose hazvo inyasha. Hazvisi izvo zvaunoita, zvisinei. Ndeizvo zvaAkatofanokuitira kare. Zvino, haugone kuita chimwe chinhu kuti ukodzere ruponeso rwako. Ruponeso rwako chipo. Kristu akava chivi, kuti iwe uve wakarurama.

Uye Ndiye mhando yakakodzera yeMutungamiriri Mukuru weruponeso rwedu, nekuti Akatambura sekungotamburawo kwatakaita. Akaedzwa sekungoedzwawo kwatinoitwa. Uye haAnyari kudaidzwa kuti “Hama yedu,” nekuti Anoziva zvatinoipfukurana nazvo. Oo, Zita raKe ngariropafadzwe!

Nekuti zvirokwazvo haana kuzvitorera chimiro chevatumwa; asi akazvitorera mbeu yaAbrahama.

174 Oo, ini zvangu! Haana kuita Ngirozi. Akava Mbeu yaAbrahama. “Uye isu, takafa muna Kristu, tinitora Mbeu yaAbrahama, uye tiri vadyi venhaka maererano nevimbiso.” Maona? Haana kumbotora chimiro cheNgirozi. Haana kumbova Ngirozi. Akava Munhu. Akava Mbeu yaAbrahama, uye akatora rumborera rwerufu munyama yaKe pachaKe, kuti atiyananise zvakare kuna Mwari, uye zvino agere ipapo seMurevereri. Ini zvangu, ko tingaZvirambe sei, shamwari?

175 Teerera.

Naizvozvo pazvinhu zvose zvakamufanira kuti aitwe akafanana nehama dzake, kuti ave muprista mukuru ane ngoni wakatendeka pazvinhu zvaMwari, kuti aite yananiso . . . chivi chavanhu.

176 Kuti Agova Muyananisi! Munooni, paive neruvengo pakati paMwari nemunhu. Uye hapana munhu . . .

Vakatumira vatumwa, vaporofita. Vakange vasingakwanisi kutora nzvimbo yako, nekuti vaitofanira kuzvinamatirawo pachavo. Vakange vasingakwanisi kutora nzvimbo yacho.

177 Ndokubva, Vatumira murairo. Murairo waive mupurisa akatiisa mujeri. Waisakwanisa kutiburitsa. Vakatumira murairo.

Vakatuma vaporofita, Vakatuma vakarurama, nezvose, ndokutadza kuita yananiso. Asi Vakaburuka ndokuva mumwe wedu. Oo, ini zvangu!

178 Ndinoshuva dai tanga tiine nguva yakawanda zvino, ndinoda kukutorai kumurairo uya werudzikinuro; asi hatina, asi kwechinguvana bedzi. Mufananidzo wakanaka uri muna Rute naNaomi. Kana mukaona ipapo, kuyananiswa, kuti murimi, murume aifanira kudzikinura nhaka yakarasika uye yemufi, aifanira kuva hama yepedyo kumunhu akarasikirwa nenhaka. Ndicho chikonzero Bhoazi aifanira kuve . . . akanga ari hama yepedyo yaNaomi, kuti agone kuwana Rute. Uyezve, aifanira kuve akakodzera. Aifanira kukwanisa kuzviita, kudzikinura zvakarasiika. Zvino Bhoazi, pasuwo, akapa huchapupu paruzhinji, nekubvisa shangu yake, kuti akanga adzikinura Naomi nezvose zvaakanga ainazvo. Uye aifanira kuva hama yepedyo.

179 Uye ndicho chikonzero icho Kristu, Mwari, vakatozova hama yedu yepedyo kwatiri. Uye Vakadzika pasi uye vakange

vari Munhu. Zvino Vakatambura mumuedzo. Uye Vakasekwa, vakaitwa jee, nekutambudzwa, nekufuratirwa, nekudanwa kuti “Bherizebhabhu,” ne—nekusekwa, uye vakatambura nerufu pasi pemutongo werufu. Maona? Vaifanira kuva hama yepedyo kwatiri. Vaifanira kupomerwa zvenhema, nekuti unopomerwa zvenhema. Vaifanira kutakura hurwere, nekuti unorwara. Vaifanira kutakura zvivi, nekuti zvaive zvivi zvako. Zvino Vaifanira kuva hama yepedyo. Nzira chete yaVaikwanisa kutidzikinura nayo yaive kuva hama yepedyo kwatiri. Uye nzira yaVakava hama yepedyo, kwaive kutora chimiro chenyama ine zvivi uye ndokuva mumwe wedu. Uye mune izvozvo, Vakabhadhara mutengo uye vakatidzikinura zvakare tichidzokera mukuyanana naBaba. Oo, Muponesi wakadii! Mashoko aisakwanisa kuzvitsanangura.

*Nokuti zvaakatambudzika iye amene ari pasi, . . .
nekugona kubatikana neavo vanoedzwa.*

180 *Kubatikana* zvinoreva kuti “kunzwira.” Ndicho, chikonzero Akava *izvi*, kuti Agone kukunzwirai imi muri. . .munova nenguva dzenyu *dzakanaka nedzakaipa*, nezvako zvidiki *zvaunopindana* nazvo *nezvaunobuda* mazviri, uye miedzo yako inosvika pakukura zvekuti hauchaikwanise. Anoziva kuti anokunzwira sei. Agere ipapo, kuti areverere. Agere ipapo, kuti akude. Uye kunyangwe ukatsauka, haAzokusiyeye. Acharamba achikutevera uye achigogodza pamoyo wako. Hakuna munhu akadzokera kumashure muchivakwa asi anoziva kuti Mwari vanogogodza pamoyo wake mazuva ese. Uye Vachazviita chero bedzi iwe uri munhu wenyama pano pasi, nekuti Vakakuda. Vakakudzikinura.

181 Vadetembi vakaedza, vanyori vari kuedza, munhu ari kuedza kutsanangura iro dingindira re “rudo,” uye harugone kuwanikwa mukutaura kwevanhu. Mumwe akati:

Oo, rudo rwaMwari, rwakapfuma uye
rwakachena sei!
Harwuyereke uye rwakasimba sei!
Rwuchagara nokusingaperi,
Rwiyo rwevatsvene neNgirozi.

Dai neingi tazadza nyanza,
Uye matenga akagadzirwa riri bepa
rokunyorera;
Chimuti chese panyika chiri chinyoreso,
Uye munhu wese pabasa ari munyori;
Kunyora rudo rwaMwari wekumusoro
Kwaiomesa nyanza ichipwa;
Kana bepa racho haraigona kutakura zvese,
Kunyangwe rakatambanudzwa kubva kune
rimwe denga kuenda kune rimwe denga.

182 Haumbofi wakanzwisisa. Hakuna nzira yekuti tinzwisise kuti chii kuzvipira kukuru, kwaAkaita, akauya pasi ndokutiyananisa zvakare kuna Mwari. Zvino Akadzokera akati, “Zvino, haNdisi kuzokusiyai musina munyaradzi. Ndichauya zvakare ndova nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.”

183 Zvino hepano patiri nhasi uno, tiri kurarama munguva yekupedzisira, naJesu mumwe chete, zvinhu zvimwe chete, zviratidzo zvimwe chete, zvishamiso zvimwe chete, ruponeso rwumwe chete, Mweya mumwe chete uchiita zvinhu zvimwe chete, Vhangeri rimwe chete, Shoko rimwe chete, zviratidzo zvimwe chete, kuratidzwa kumwe chete, zvese. Zvinotifanira kuti tisashaya hanyin’ a neruponeso rukuru urwu, nekuti tose tichazofanirwa kupindurira, rimwe zuva, nezvatinoita neMwanakomana waMwari.

184 Ari paruoko rwako manheru ano, mutadzi, iwe wakadzokera kumashure. Uchaiti naYe? Unoti, “Saka, ndichaZvisendeka parutivi.” Asi, rangerira, usadaro. Hakuna nzira, zvachose, kana uri mutadzi, yokuti ungagona kubva muchivakwa chino uye uri zvimwe chete. Haugone kuzviita.

185 Pirato, humwe husiku, akaedza kuzviita. Akadanira mvura ndokugeza maoko ake. Akati, “Handina kana nechekuita naZvo. Ndakangofanana sendisina kumboZviona. Handina kumbonzwa Evhangeri. Handidi kuva nechokuita naYo.” Aigona kuigeza kubva mumaoko ake here? Akange asingagone.

186 Pakupedzisira, munoziva zvakaitika kuna Pirato? Akarasikirwa nenjere dzake. Uye kumusoro uko kuSwitzerland, kwatakange tiri gore rapera, tichiparidza Evhangeri, zvino pane imwe ngano yekare yakataura, kuti, pane dziva remvura riri ikoko, uko vanhu vanouya kubva kumativi ese enyika, kuzoona, gore rega-rega, panguva yekurovererwa. Pirato, akazvikandiramo ndokufa, achizviuraya, akasvetukira mumvura iyi ndokuzvinyudza. Uye gore rega-rega, pazuva rimwe chetero, mvura yebhuruu inofashaira kubva mudziva iroro, kuratidza kuti Mwari vakaramba mvura. Mvura haigone kusuka Ropa raJesu kubva mumaoko ako kana pamweya wako. Pane nzira imwe chete yekuzviita, ndiko kuRigamuchira seruregerero rwako pachako uye woyananiswa kuna Mwari.

Ngatinamatei.

187 Baba veKudenga, tinoKutendai manheru ano nokuda kweShoko. “Nekuti kutenda kunouya nekunzwa, uye kunzwa neShoko.” TinoKutendai nokuda kwaJesu. Uye apo tiri kuona zuva guru iri ratiri kurarama mariri, kuti zviratidzo nezvishamiso, kuti tinorega sei zvinhu izvi zvichitsvedza. Mwari, zarurai meso evanhu vari mutabhanakeri ino, manheru ano, kuti vakwanise kuona uye vanzwisise kuti tiri mumaawa ekupedzisira. Nguva iri kumhanya. Hatisisina

nguva yakareba kuti tive pano, uye tichafanira kuona Jesu. Uye tichazofanira kuonekwa sevatengesi, nekuti hapana pembedzo. Mangwanani ano, paMapa chiratidzo chikuru chiya, chine simba, chemurume uya achiuya kuno, achibva kure munyika iri mhiri; uye ndokumuona, zvisina kana nemumvuri wekukahadzika, achisimuka kubva pahwiricheya iya, achigamuchira kuona kwake. Makumbo ake abva asimba, ndokudzika nemuchivakwa, achifara uye achirumbidza Mwari. Zvinoratidza kuti Mwari vachiri kugona nematombo aya kumutsa vana kuna Abrahamu. Kuona zviratidzo, sekutaura kwakaita Jesu, “Handina chandinoina kusvikira Baba vaNdiratidza. Hapana chandinogona kuita.”

188 Bofu rakaMutevera, uye rikati, “Tinzwireiwo ngoni.”

189 Akati, akabata meso avo ndokuti, “Zvichienderana nekutenda kwako, ngazvive kwauri.”

190 Zvino, Ishe, tinoona Jesu. Hationi zvinhu zvese. Tinoona tichiri kutora vatsvene vedu kuguva, uye nekufamba napamusoro peguva remumwe nemumwe. Asi tinoona Jesu, uyo akaita vimbiso. TinoMuona anesu. Kwete Jesu ari muguva, kwete Jesu makore zviuru zviviri zvapfuura; asi Jesu manheru ano, anesu. TinoMuona achiratidzwa musimba raKe rose, nezviratidzo, nezvishamiso.

191 Mwari, ngatisamboshaira hany'n'a Ruponeso rukuru urwu. Asi dai taRwumbundira, nekuRwugamuchira, uye tova neruremekedzo, uye torarama naRwo kusvikira zuva iro Jesu raachauya kuzotitora kuenda Kumusha. Zviitei, Ishe. Tinozvikumira muZita raKe.

192 Uye takakotamisa misoro yedu, hameno kana paine munhu ari muchivakwa manheru ano, pasi peHupo hwaMwari hweMweya Mutsvene, angati, “Hama Branham, ndagutsikana kuti ndiri kukanganisa. Ndagutsikana kuti ndiri kukanganisa. Mwari vandizarurira zvivi zvangu. Uye ndinoziva kuti ndiri kukanganisa. Ndirichasimudza ruoko rwangu kwaVari ndinokumbira kunzwirwa tsitsi, manheru ano. Mwari, ivaiwo netsitsi kwandiri. Ndiri kukanganisa.” Ungazviitawo here?

193 Takamirira kwechinguvana, kana paine munhu pano anoda, pane rubhabhatidzo rwuchaitika muchinguvana. Uye kana uri mutadzi, ndaizotendeuka. Ungarambe sei rudo rusingaenzanisi rweUyo akafa? Mwari mutsvene veKudenga vakave Munhu azere nechivi; kwete nekuti Vakataadza, asi nekuti Vaive nezvivi zvako, uye vakazvitakura ipapo kuKarivhari. Zvino haugamuchire here kuregererwa ikoko? Haungazviite manheru ano here? Takakotamisa misoro yedu, mumwe munhu iti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham. Ndinosisimudza maoko angu kuna Kristu, ndoti, ‘Ndzinzwireiwo tsitsi. Ini, ndakakanganisa, uye ndinoda kuyanani swa kuna Mwari.’” Ungasimudza ruoko rwako here?

Zvakanaka, kana munhu wese ari Mukristu, saka, ngatinamatei.

¹⁹⁴ Baba, tinoKutendai manheru ano, kuti vanhu vese vari muno Makristu, kuti vapupurira zvimwe chete nekuramba vakanyarara, kuti zvivi zvavo zvese zviri pasi peRopa. Uye ndinotenda zvikuru nekuda kwaizvozvo. Varopafadzei, Ishe. Oo, ndinofara kwazvo kuti vawana yananiso kuburikidza nekupiriswa kweRopa, nekunzwa Shoko. Kusukwa nemvura, neShoko, Rinotichenesa. Rinotivitsa kunzvimbo huru kwazvo, uko—uko mutadzi, nerima rake rakaipa, anocheneswa sechando. Madzvinga matsvuku echivi akasukwa, uye isu tava zvisikwa zvitva muna Kristu. Tinozvutenda kwazvo, Imi, nekuda kweizvi.

Zvino shumiro yerubhabhatidzo inouya. Ndinonzwisisa kuti mudzimai wechidiki uyu, manheru ano, ari kufanira kubhabhatidzwa zasi kuno, muZita raShe wake.

¹⁹⁵ Oo Baba Vekudenga, tinonamata kuti Mugaropafadza mudzimai wechidiki uyu. Mufungo wangu unodzokera kumazuva mashoma apfuura, ndichikwidza muHenryville nekuona musikana mudiki iyeye akanaka achifamba-famba pano mumugwagwa. Uye manheru ano, ndiamai, mudzimai. Akakugamuchirai Imi seMuponesi wake omene. Hupenyu hwaive hwakaomera mwana wacho, Ishe, O Mwari, asi Denga chokwadi nderake. Uye tinoKutendai nokuda kwaizvozvo. Tinonamata, Mwari, kuti Muropafadze mudzimai wechidiki zvino. Uye paanouya kuzobhabhatidzwa nemvura, dai Mamuzadza neMweya Mutsvene waMwari. Zviitei, Ishe. Dai mweya wake wangofara zvakananyanya, muMatenga! Zviitirei kubwinya kweNyu. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amenii.

[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

¹⁹⁶ Ndinoda kuverenga kubva muna Mabasa, chitsauko 2; Petro achitaura, neZuva rePentekosti, rubhabhatidzo rwekutanga rwakamboitwa muChechi yeChikristu. Petro, achitsiura vaFarise nevanhu mapofu, nekusacherechedza Mwanakomana waMwari; achitaura nezvekuti Mwari vakaMumutsa sei, nekuratidza mabasa aKe, muzviratidzo nezvishamiso zvikuru. Teerera! kune izvi, achitaura. Ainge achisimudzira Jesu.

¹⁹⁷ Mweya wega-wega weMukristu unosimudzira Jesu, kwete bedzi nemiromo yako, asi nehupenyu hwako. Miromo yako inogona kutaure chimwe chinhu, hupenyu hwako hwoitawo chimwe. Kana ukaita izvozvo, unoziva kuti chii? Hunyengeri. Uye ndingasva hangu ndatarisana neDenga semunhu asingatendi pane munyengeri. Ndingatora mukana wangu zviri nani, ndinotenda, Kudenga, se—semunhu asingatendi, pane kuva munyengeri. Ini zvirokwazvo... Kana uchipupurira Jesu uye woti “Ndiye Muponesi,” iwe chirarama saizvozvo, nekuti

vanhu vari kuzozvitarisira kubva kwauri. Ndizvozvo. Rarama sezvinofanira kuva Mukristu. Tapfuura nemo mangwanani ano.

¹⁹⁸ Zvino, Ishe vachitendera, mangwana manheru, kana... Chitatu manheru, tiri kutora chitsauko 3 ichi, chinova chitsauko chinoshamisa. Uye zvino, ivai nechokwadi chekuedza kuuya Chitatu manheru. Vangani vari kunakidzwa neBhuku iri, rekudzidzisa kweSunday school? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Oo, maita basa kwazvo. Zvakanaka.

¹⁹⁹ Zvino, ndinoda kuverenga zvino kubva muna Mabasa, chitsauko 2, kutangira pandima 32.

Uyu Jesu wakamutswa naMwari, uyo isu...tiri zvapupu zvake. (Vaizviziva.)

Zvino wakati asimudzirwa kuruoko rwerudyi rwaMwari, uye apihwa naBaba chipikirwa choMweya Mutsvene, Akadurura izvi, izvo imi zvamunoono nezvamunonzwa.

²⁰⁰ Zvino muteererei achitaura pamusoro paDhavhidhi, imwe yengirozi.

Nokuti Dhavhidhi haana kukwira kudenga: asi akati amene, ISHE wakati kunaShe wangu, Gara kurudyi rwangu,

Kusvikira ndichiita vavengi vako vave chitsiko chetsoka dzako.

David akatadza kukwira; akange ari pasi peropa rakadeurwa rematsiru, nembudzi, nemakwai. Asi zvino aigona kumuka; aive pasi peRopa raIshe Jesu. Nekuti vanongopindurira kuRopa iroro paRaizouya musimba. Kana Ropa raKristu rauya musimba, vese avo vainge vafira mune zvakanaka, vakamuka, ndizvozvo, ndokukwira muKubwinya.

²⁰¹ Zvino teererei.

Zvino imba yose yavaIsraeri ngaizive... (Teererei kune izvi)...kuti Mwari vakaita uyu Jesu mumwe chete, wama...karovera pamuchinjikwa, zvose Ishe naKristu.

Zvakadini izvo? Ndiye here Munhu wechitatu wehutatu, kana kuti ndiYe here hutatu hwese? Ndiye huzaro hwese wehuMwari, mumutumbi.

²⁰² Hakuna chinhu chinonzi vanaMwari vatatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana, naMwari Mweya Mutsvene. Hazvitorimo muRugwaro, hakuna. Hapana pazviri. Hapana patakarairwa kuti tibhabhatidze, "Muzita raBaba, uye muzita reMwanakomana, uye nemuzita reMweya Mutsvene," hakuna zvachose muMagwaro. Chitendwa chechiKatorike, uye hachisi chechechi yechiProtestanti. Ndichakumbira chero munhu kuti andiratidze Rugwaro rwumwe chete apo chero munhu akambobhabhatidzwa neimwewo nzira

kunze kwemuZita raIshe Jesu Kristu. Huya, undiratidze, uye ndichaisa chikwangwani kumusana kwangu, “Munyengeri, nemuporofita wenhema, mudzidzisi wenhema,” uye ndofamba nemumigwagwa. Hakuna chinhu chakadaro. Hakuna munhu akambobhabhatidzwa nenzira iyoyo. Chitendwa chechiKatorike, uye kwete dzidziso yechiProtestanti.

²⁰³ “Mateu 28:19,” unoti, “Jesu akati, ‘Naizvozvo endai munyika yose, mudzidzise marudzi ese, muvabhabhatidze muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’” Ndizvozvo chaizvo.

Asi kwete, “Muzita raBaba, zita reMwanakomana, zita reMweya Mutsvene.” *Zita* raBaba, *Zita* (kwete mazita), raBaba...

Baba harisi zita. Vangani vanozviziva izvozvo? Pana vanababa vangani pano? Simudzai maoko enyu. Pane vanakomana vangani vari pano? Simudza ruoko rwako. Vanhu vangani vari pano? Simudzai maoko enyu. Zvakanaka. Zvino, zita rako ndiani? Kwete baba, mwanakomana, kana munhu.

²⁰⁴ Mumwe mudzimai akati kwandiri imwe nguva, uyo ainyatsotenda muna vanamwari vatatu, akati, “Hama Branham, asi Mweya Mutsvene izita.”

²⁰⁵ Ndakati, “Mweya Mutsvene harisi zita. Mweya Mutsvene ndizvo zvaUri. Iwo Mweya Mutsvene.” Kwete zita; ndizvo zvaUri. Ini ndiri munhu, asi zita rangu harisi munhu. Zita rangu rinonzi William Branham. Saka, kana Akati, “Naizvozvo endai, mudzidzise marudzi ese, muvabhabhatidze muZita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene.”

²⁰⁶ Zvino Petro, kwapera mazuva gumi, akati, “Tendeukai!” Zvino, pano, teererai pane izvi.

Zvino vakati vachinzwa izvozvo, vakabayiwa pamoyo, vakati kuna Petro ne...vamwe vaapostora, Varume hama, toiteiko?

Zvino Petro akati kwavari, Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, uye abhabhatidzwe muzita raIshe Jesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye imi muchaganuchira chipo choMweya Mutsvene.

²⁰⁷ Zvino Petro akaita here zvaakaudzwa naJesu kuti asaite? Akange asina kuvhiringika. Isu ndisu takavhiringika.

²⁰⁸ Pana Mabasa 2:38, maJudha vakabhabhatidzwa muZita raIshe Jesu Kristu, nekunyudzwa.

Muna Mabasa, chitsauko 8, tinoona kuti Firipi akaenda zasi kunoparidza kuvaSamaria, uye akavabhabhatidza muZita raIshe Jesu Kristu, vaSamaria.

Muna Mabasa 10:49, Petro akaraira veMarudzi kuti vabhabhatidzwe muZita raIshe Jesu Kristu.

209 Pauro, Mabasa 10:5, “Akapfuura nemumhenderekedzo dzekumusoro dzeEfeso, akawana vadzidzi.” Vaive vadzidzi vechiBaptisti; vaive, vese zvavo, maBaptisti. Vakatendeuka pasi pemuparidzi wechiBaptisti ane zita rekuti—rekuti, munooona, Aporo. Uye aive muparidzi wechiBaptisti, “Uye airatidza neBhaibheri kuti Jesu aive Kristu.”

Pauro akati, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?”

210 Vakati, “Hatizive kuti kune chinonzi Mweya Mutsvene.”

211 Akati, “Saka makabhabhatidzwa sei?”

212 Vakati, “Takabhabhatidzwa nemurume mumwe chete ye akabhabhatidza Jesu, mugomba remvura kunze uko. Izvo zvakanaka zvakanaka.”

213 Pauro akati, “Hazvichashande zvino. Munofanira kubhabhatidzwa, zvakare.” Zvino Pauro akavaraira kuti vabhabhatidzwe, zvakare, muZita raIshe Jesu Kristu. Akaisa maoko ake pamusoro pavo, zvino Mweya Mutsvene wakauya pamusoro pavo. Ndizvozvo. Hongu, changamire.

Kuchave neChiedza munguva yemanheru,
Nzira yemuKubwinya uchaiwana
zvechokwadi;

Nemunzira yemumvura, ndicho Chiedza nhasi,
Wakavigwa muZita raJesu rakakosha.

Vaduku nevakuru, tendeukai zvivi zvenyu
zvose,

Mweya Mutsvene zvirokwazvo uchapinda
mukati;

Chiedza chamanheru chauya,
Ichokwadi chekuti Mwari naKristu Mumwe.

214 Ndizvo zvakanataurwa neBhaibheri. Ndizvozvo. Ndiyo nguva yacho, inguva yatinofanira kutendeuka.

215 Taurai, daidzirai kana magadzirira, mudziva. Uye ticha . . . [Imwe hama inoti, “Tagadzirira.”—Mupepeti] Magadzirira? Zvakanaka, kudhonza maketeni.

216 Zvino, Ishe vakuropafadzei zvino, apo hama ichishumira rubhabhatidzo. Mese munooona pano here? [Hama Orman Neville vanobhabhatidza vatendi—Mupepeti]



VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHIPIRI 2 SH057-0825E
(Hebrews, Chapter Two 2)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Nyamavhuvhu 25, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org